



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO RAPLE NOUYÒKÈ YO ENTÈDIKSYON "TAKS WÒZ" LA ANTRE AN VIGÈ JODI A

Yo entèdi biznis yo pou yo chaje pri diferan pou byen oswa sèvis konsomatè ki "esansyèlman sanble" yo sou baz sèks

Yo te adopte entèdiksyon "Taks Wòz" la nan kad Bidjè Ane Fiskal 2021 an epi li se yon eleman kle nan Ajanda pou Fanm Gouvènè a an 2020

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke apati jodi a, nouvo refòm yo ap antre an vigè sa ki entèdi biznis yo chaje yon "taks wòz (pink tax)", ke yo konnen otreman kòm pratik kote yo chaje diferan pri pou byen oswa sèvis konsomatè ki "esansyèlman sanble" yo komèsyalize pou sèks diferan.

An avril Gouvènè a te siyen Bidjè Eta New York pou Ane Fiskal 2021 an ki gen ladan pwopozisyon Gouvènè a pou entèdi "Taks Wòz" la. Nouvo mezi a egzije kèk founisè sèvis pou yo bay lis pri pou sèvis estanda yo sou demann epi li avize yo sou diskriminasyon pri ki baze sèks entèdi anba lwa Eta a. Biznis ki vyote lwa a pral sijè ak penalite sivil.

"New York nan tèt nasyon an nan fè avanse dwa fanm yo epi gwo pa sa a make dènnye etap la nan vwayaj New York la pou li ranvèse baryè yo epi mete fanm yo sou yon menm pye egalite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè li aboli taks wòz la, fanm yo ak tifi yo pa pral sijè ankò ak diskriminasyon pri nwizib ak enjis epi yo pral rann responsab nenpòt biznis ki pa rive mete fen nan pratik meprizab sa a."

"Fanm yo ak ti fi yo kontinye fè fas ak inegalite nan plizyè aspè nan lavi chak jou yo, epi li inakseptab ke yo dwe peye plis pase gason yo pou pwodwi ak sèvis ki menm", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Elimine taks wòz la ede mete fen ak pri ki baze sou sèks, li asire siksè finansye epi ranvèse baryè yo pou fanm yo. Nou pa tolere mezi diskriminatwa nan Eta nou an, epi nou pral kontinye konbat pou nou elimine eka salè ant sèks yo epi rive atenn egalite ak jistis pou tout Nouyòkè yo."

"Taks Wòz la te baze sou diskriminasyon ki baze sou sèks, li klè epi li senp", **Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an epi Prezidan Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi, te deklare.** "Nan New York, yo te fòse fanm yo aksepte reyalite enjis nan pri ki pi wo sou etikèt yo pou byen ki idantik ke yo komèsyalize pou gason yo. Sa te inakseptab

epi apati jodi a fanm ak tifi yo nan tout Eta sa a kapab gen konfyans ke sa pap rive ankò. New York te fè gwo pwogrè nan fè avanse egalite ant sèks yo atravè Ajanda pou Fanm Gouvènè Cuomo a epi aboli taks wòz la se yon lòt gwo pa".

Sekretè Eta a Rossana Rosado te deklare, "Pandan twò lontan, fanm yo te peye plis pou sèvis ak pwodwi ki te esansyèlman menm bagay ak vèsyon yo te komèsyalize pou gason yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li a nan mete fen nan enjistis kotidyen, ke tout moun te aksepte sa a, ke fanm tout laj yo te sibi sou mache a. Lwa anblematik sa a endike yon nouvo epòk ki jis pou fanm yo sou mache a".

Depi nan kòmansman ane 1990 yo, anpil etid te demontre diferans flagran ant pri byen ak sèvis ki esansyèlman menm depandaman si yo te komèsyalize yo pou gason oswa pou fanm yo. Nan tout konsèy la, etid yo te jwenn ke fanm yo te peye plis pou vèsyon pou fanm menm pwodwi ke yo ofri pou gason yo. Enpak ekonomik sou fam yo dèske yo peye plis pou menm pwodwi a genyen yon pi gran pòte jeneral pase acha imedya sa yo. Apati jodi a, 30 septanm 2020, efè kimilatif global diferans pri ki baze sou sèks la rive nan fen li nan Eta New York.

Nouvo lwa a òdone pou yo entèdi nenpòt moun oswa antite, gen ladan magazen lavant an detay yo, founisè yo, pwodiktè yo oswa distribitè yo pou yo pa chaje yon pri pou de (2) menm byen oswa sèvis ki "esansyèlman sanble", si yo fikse pri byen oswa sèvis yo yon fason diferan baze sou sèks yo komèsyalize byen oswa sèvis yo.

Yo defini "byen ki esansyèlman sanble" yo kòm de (2) byen ki prezante yon tikras diferans nan materyèl yo itilize nan pwodiksyon an, itilizasyon yo prevwa a, konsepsyon ak prezantasyon fonksyonèl yo, ak mak. "Byen yo" gen ladan nenpòt pwodwi pou konsomatè yo itilize, achte, oswa yo prezante prensipalman pou objektif pèsònèl, fanmi oswa lakay. Pa egzanp, menm mak ak dimansyon pwodwi pisin pou timoun ke yo ofri an wòz koute 89.99 dola epi sa yo ofri an ble koute 69.99 dola tap konstitye yon vyolasyon lalwa.

Yo defini "sèvis ki esansyèlman sanble" yo kòm de (2) sèvis ki prezante yon tikras diferans nan kantite tan livrezon, difikilte, ak depans pou bay sèvis la. "Sèvis yo" gen ladan nenpòt sèvis pou konsomatè yo itilize, achte, oswa yo prezante prensipalman pou objektif pèsònèl, fanmi oswa lakay. Pa egzanp, yon vès kostim pou fanm pou 12 dola ak yon vès kostim pou gason pou 8 dola, tap konstitye yon vyolasyon lalwa.

Nouvo lwa a ap chèche tou responsabilize konsomatè yo nan ba yo dwa pou resevwa, sou demann, yon lis pri alekri nan nenpòt biznis ki bay yon sèvis. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York (New York State Division of Consumer Protection) la ankouraje konsomatè yo pou yo familiarize yo avèk nouvo egzijans yo epi mande founisè sèvis yo a yon lis pri davans.

Nenpòt moun ki ap vann pwodwi oswa bay sèvis kapab evite transgrese nouvo lwa a nan asire yo ke nenpòt diferans nan pri baze sou sa ki annapre yo:

- Kantite tan li pran pou fabrike byen sa yo oswa sèvis sa yo
- Difikilte nan fabrike byen sa yo oswa nan ofri sèvis sa yo
- Depans yo fè nan fabrike byen sa yo oswa nan ofri sèvis sa yo
- Mendèv yo itilize nan fabrike byen sa yo oswa nan ofri sèvis sa yo
- Materyèl yo itilize nan fabrike byen sa yo oswa nan ofri sèvis sa yo
- Nenpòt lòt rezon ki pa baze sou sèks ki fè ogmante depans pou byen sa yo oswa sèvis sa yo

Vyolasyon lwa a sijè pou tribinal yo òdone pou yo sispann lavant sa yo, pou yo remèt lajan konsomatè yo, jiska 250 dola pou premye kontravansyon an, ak jiska 500 dola kontravansyon pou nenpòt vyolasyon annapre yo.

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la sèvi pou edike, asiste ak responsabilize konsomatè New York yo. Apati 30 septanm lan, si ou jwenn yon pwodwi oswa sèvis yo ofri pou lavant nan Eta New York ki pa konfòme li avèk nouvo lwa a, ou gendwa kontakte Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a nan 800-697-1220 lendi rive vandredi, soti 8:30 AM rive 4:30 PM oswa depoze yon plent anliy nan www.dos.ny.gov/consumerprotection. Ou kapab tou kontakte Divizyon an atravè Twitter nan @NYSConsumer oswa sou Facebook nan www.facebook.com/nysconsumer.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)